



FLORIDA DEPARTMENT OF  
**EDUCATION**  
fldoe.org



# Fòmasyon Nan Espas Travay

Si ou vle diminye kantite tan sa pran pou anboche, pi bon bagay ou kapab fè se konstwi yon pepinyè ki chaje talan.

Depatman Edikasyon Florida, Divizyon Re-adaptasyon Pwofesyonèl la (VR), ede moun ki kalifye ki gen andikap yo jwenn, genyen epi kenbe yon travay.

## **Kisa Fòmasyon Nan Espas Travay la ye?**

Fòmasyon Nan Espas Travay la, yo rele OJT tou, se yon metòd pratik pou anseye kapasite, konesans ak konpetans ki nesesè pou yon moun rive fè yon travay byen presi kote li ap travay la. Estajyè yo aprann nan yon anviwònman travay reyèl, oswa vityèl, kote yo ap fè travay yo avèk yon fòmateur, sipèvizè, kòlèg oswa lòt anplwaye ki gen eksperyans nan kesyon travay.

OJT kapab redui kantite tan yon anplwaye bezwen pou li vin konpetan. Epitou, li pèmèt Patwon ki se Vandè OJT yo atire kandida kalifye ki gen talan epi idantifye pi bon kandida yo. Pa gen obligasyon pou anboche patisipan yo lè OJT a fini, epi VR kapab ranbouse jiska 110 pousan salè patisipan yo. Mete sou sa, VR kapab soutni kliyan an nan espas travay la, lè li fè kliyan an jwenn zouti, ekipman, inifòm ak lojman.

**VÈSYONAN  
KARAKTÈ KI  
GWO**

# **■ Kiyès ki Òganize Fòmasyon nan Espas Travay la?**

Ajans nou an ap òganize OJT a, li ap seleksyone kandida ki apwopriye yo alavans, epi li ap bay sèvis suivi ki nesesè yo. Apre fòmasyon an fin kòmanse, VR ap kontinye bay sipò pou ou menm ak estajyè yo.

# **■ Avantaj pou Antrepriz ki Patisipe nan OJT yo**

## **Rannman San Pèdi Tan**

Pwosesis OJT a ede patisipan yo aprann travay yo ap fè yo byen vit epi li ba yo yon eksperyans ki pratik nan anviwònman travay ou a. Li itilize zouti, machin, dokiman, ekipman ak konesans ki deja egziste pou anseye yon estajyè fason pou li fè yon travay ki efikas. Epitou, OJT yo bay yon posibilite gratis pou ou rive detèmine si yon estajyè se yon moun ki byen konresponn ak antrepriz ou a, kou fòmasyon an fini.

## **Depans ki Efikas**

OJT yo fèt nan kad jounen travay nòmal la. Patisipan yo jwenn fòmasyon nan men anplwaye ki deja la padan yo ap fè travay yo, sa ki vle di, operasyon komèsyal yo pa afekte, epi li pa nesesè pou fè yon bidjè pou depans ki gen rapò ak fòmasyon nan kou a.

## **Espri Ekip**

Patisipan nan OJT yo vin yon kolaboratè nan ekip ou a byen vit.

Aprantisaj an doub yo fè li pi fasil pou gen kontak ant estajyè yo ak anplwaye aktyèl yo. Epitou, estajyè yo vin abitye avèk pratik ak kilti ki genyen nan espas travay antrepriz ou a.


## **Kijan mwen kapab jwenn plis enfòmasyon pou vin yon founisè OJT?**

- Ale sou paj Nouvo Vandè a nan [Rehabworks.org](http://Rehabworks.org)
- Kontakte Anrejistreman Vandè a nan 866-580-7438 oswa [VRVendors@vr.fldoe.org](mailto:VRVendors@vr.fldoe.org)
- Kontakte yon Reprezantan Relasyon Komèsyal VR nan [VRBusinessRep@vr.fldoe.org](mailto:VRBusinessRep@vr.fldoe.org).

# Kontakte Reyadaptasyon Pwofesyonèl



850 - 245 - 3399  
800 - 451 - 4327



[www.Rehabworks.org](http://www.Rehabworks.org)



Depatman Edikasyon Florida  
Divizyon Reyadaptasyon  
Pwofesyonèl  
Inite Relasyon Komèsyal  
325 W. Gaines St., Suite 1144  
Tallahassee, FL 32399-0400



Depatman Edikasyon Florida a, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl Vocational Rehabilitation, VR) se yon patwon ki respekte prensip egalite chans. Li ilegal pou VR, kòm benefisyè èd finansye federal, diskrimine moun nan Etazini sou baz ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, afilyasyon politik oswa konviksyon. Pwosesis aplikasyon VR itilize pou detèmine kalifikasyon pou sèvis la, tout sèvis ann aprè ak tout pwosesis VR la koube anba egzijans zewo diskriminasyon sa yo. Gen èd ak sèvis èd ki disponib sou demann pou moun ki gen andikap. Pwogram VR resevwa 78.7 pousan nan finansman li apati yon sibvansyon Depatman Edikasyon Ameriken an. Pou ane fiskal federal 2021 an, montan total sibvansyon yo bay yo te rive \$176,836,896. Kredi Eta Florida te finance rès 21.3 pousan nan pri a (\$47,860,557). Yo revize li ann oktòb 2021.